

AJANS POU MOUN ANDIKAPE

Deklarasyon Dwa pou Moun ki Gen Andikap Developmantal

Ekstrè nan 393.13, Lwa Florid yo, tit "Tretman pou moun ki gen andikap nan developman"

Dwa ki dekri nan sou-seksyon sa a dwe aplike pou tout moun ki gen andikap nan developman yo, keseswa moun sa yo se kliyan oswa yo pa kliyan ajans lan.

- (a) Moun ki gen andikap nan developman yo dwe gen dwa ak diyite, vi prive, ak swen imen, ki gen ladan dwa pou pa sibi okenn abi, ki gen ladan abi seksyèl, neglijans, ak eksplwatasyon.
- (b) Moun ki gen andikap nan developman yo dwe gen dwa ak libète ak pratik relije. Pa gen anyen k ap ka limite oswa vyole dwa yon moun sou preferans ak pratik relije.
- (c) Moun ki gen andikap nan developman yo dwe resevwa sèvis, nan sous ki disponib yo, ki pwoteje libète pèsonèl moun nan epi yo bay nan kondisyon ki gen mwens restriksyon ki nesesè pou reyalize objektif tretman an.
- (d) Moun ki gen andikap nan developman yo dwe gen yon dwa pou patisipe nan yon pwogram edikasyon de kalite ak sèvis fòmasyon ki apwopriye, nan sous ki disponib yo, san konsidere laj kwonolojik oswa nivo andikap la. Moun sa yo kapab resevwa ansèyman nan edikasyon seksyèl, maryaj, ak planifikasyon familyal.
- (e) Moun ki gen andikap nan developman yo dwe gen dwa ak enteraksyon sosyal ak pou patisipe nan aktivite kominotè yo.
- (f) Moun ki gen andikap nan developman yo dwe gen yon dwa ak egzèsis fizik ak opòtinite pou lwazi.
- (g) Moun ki gen andikap nan developman yo pa dwe sibi okenn domaj, ki gen ladan kontrent fizik, kontrent chimik, oswa kontrent mekanik ki pa nesesè, izòlman, twòp medikaman, abi, oswa neglijans.
- (h) Moun ki gen andikap nan developman yo dwe gen dwa ak konsantman pou resevwa oswa pou refize trètman, selon pouvwa yon avoka gadyen legal ki dezinye selon s. 393.12 oswa yon gadyen legal ki dezinye selon chapit 744.
- (i) Yon lòt fason, yo pa dwe ekskli okenn moun ki kalifye pa pou patisipe, oswa yo pa dwe refize yo avantaj, oswa yo pa dwe sibi zak diskriminasyon, nan tout pwogram oswa aktivite ki resevwa fon piblik yo, paske moun sa a gen yon andikap nan developman, epi tout entèdiksyon ki defini yo dwe tonbe anba mezi yo selon lwa sa a.
- (j) Yon lòt fason, yo pa dwe refize okenn moun ki kalifye yo dwa pou vote nan eleksyon piblik yo paske moun sa a gen yon andikap nan developman.